

FASAD OUVÈ

N ap re-imajine espas deyò pou rezidan New York yo ak ti komès yo



Photo by NYC & Company



Estrateji alontèm vil la, mete sante piblik nan sant retablisman ekonomik Vil new York. Estrateji a bati sou bèl jefò Vil pou reponn COVID-19, ak anpil nouvo envestisman pou ranfòse pozisyon nou kòm yon lidè global nan inovasyon sante piblik – pou atire ak devlope bon kalite travay ak amelyore rezulta sante nan kominote ki yo pa abitye envesti ase yo.



FASAD OUVÈ

N ap re-imajine espas deyò pou rezidan New York yo ak ti komès yo

Pandemi COVID-19 la te poze defi san parèy pou biznis atravè endistri Vil New York yo – depi ki ranfòse koneksyon dirèk— defi ki ranfòse koneksyon dirèk, men konplèks ant sante piblik ak ekonomi nou an. Pou plis pase 40,000 biznis fasad ouvè nan vil la (90 poustan se ti biznis epi anpil nan yo se pou imigran ak minorite), defi sa yo se yon menas pou siviv – ak pou katye yo kapab boujonnen – menm pandan yo soti nan mezi ki nesesè pou sante piblik.

BEZWEN POU BIZIS DEYÒ YO

Biznis fasad ouvè yo ka benefisyé anpil nan yon nouvo imajinasyon sou fason vil la itilize espas deyò yo – yon jefò ki pral kore pwopriyetè biznis yo, katye yo, ak ekonomi VIL la, pandan y ap pèmèt kliyan yo achte sан danje epi suiv pwotokòl sante piblik yo. Kounye a la, magazen ki andedan yo ka opere a mwatye kapasite yo (menm ak plis restriksyon sou biznis ki gen zòn ki gen anpil ka COVID ak zòn mwayèn yo). Selon règ ak regleman ki ge kounye a, yo entèdi biznis fas ouvè yo fè tranzaksyon deyò, epi, nan plizyè koridò komèsyal, etale machandiz yo deyò. An plis, pwopriyetè biznis yo oblige jwenn pèmi ki apwopriye pou aktivite sou nenpòt ki twotwa, tankou mete pano, kòd, poto, elatriye.

PWOGRAM FASAD OUVÈ A

Kòm yon pati nan estrateji retablisman majistra a, epi bati nan siksè pwogram Restoran Ouvè a, Vil la ap lanse yon pwogram Fasad Ouvè ki pral pèmèt biznis fasad yo sèvi ak yon pati nan twotwa a pou fè biznis. Biznis yo ap kapab etale machandiz, fè tranzaksyon, epi mete yon kote pou kliyan yo kanpe, depi biznis yo satisfè kritè kalifikasyon Vil la idantifye yo, ki Pral disponib nan nyc.gov/openstorefronts. An plis, pou Lari Ouvè ki deziyen yo: Koridò restoran, pwogram Fasad ouvè a pral pèmèt biznis yo sèvis ak yon liy sou twotwa a pou fè regle biznis yo pandan lè Lari Ouvè. Restoran yo an vigè.

Pwogram nan ap disponib pou biznis fasad ouvè ki sou premye etaj yo apre yo ranpli yon ti fòm tou kout sou entènèt ki rekonèt yo konprann kritè ak restriksyon pwogram nan.

KISA NOU TE FÈ

- Vil la te mete gid ak konsèy espesifik disponib avèk kritè pou biznis pwogram ouvè yo patisipe nan pwogram Fasad Ouvè a.
- Y ap prepare yon Lòd Egzekitif Ijan pou sispann nenpòt règ ak regleman nesesè pou ede mete pwogram nan an plas.
- Liy dirèk SBS Restart la te jwenn enstriksyon sou fason pou reponn pwopriyetè biznis yo sou pwogram nan ak kote pou yo voye refere yo pou kesyon yo.
- Vil la te kreye yon fòm/pwosesis admisyon ansanm ak kondisyon biznis yo dwe dakò ak yo pou patisipe nan pwogram nan.